

Rete yon Semèn pou Rezidan Konte Orange yo nan New York. aplike pou Asistans FEMA

Release Date: Jan 24, 2022

Pwopriyetè ak lokatè kay nan Konte Orange ki te sibi domaj oswa ki te pèdi pwopriyete yo nan rès siklòn Ida a, soti 1e pou rive 3 septanm 2021, gen jiska **Lendi 31 janvyè**, pou yo aplike pou asistans federal pou katastwòf.

Asistans federal pou katastwòf ki la pou moun yo ak fanmi yo kapab gen ladan l lajan pou asistans pou lwaye, reparasyon esansyèl pou lojman, pèt byen pèsònèl, ak lòt bezwen grav ki gen rapò ak katastwòf asirans lan pa kouvri.

Si w ap viv nan Konte Orange, ou kapab enskri pou asistans pou katastwòf, mete ajou kontak ou yo ajou, poze kesyon sou yon lèt FEMA, jwenn enfòmasyon sou enspeksyon kay FEMA, oswa aprann kijan pou w fè apèl kont yon desizyon FEMA lè ou sèvi ak twa resous sa yo:

- Ale sou entènèt nan [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov);
- Telechaje aplikasyon FEMA a; oswa
- Rele Liy Enfòmasyon FEMA a nan **800-621-3362**. Si w ap itilize sèvis relè videyo (video relay service, VRS), sèvis telefòn ak soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w ap itilize pou sèvis sa. Operatè liy asistans yo disponib chak jou soti **7è nan maten pou 11è nan aswè**. Peze 2 pou Panyòl. Peze 3 pou w jwenn yon entèprèt ki pale lang ou an.

Sous prensipal finansman federal pou rekiperasyon alontèm apre yon katastwòf asirans pa kouvri se Administrasyon Ti Biznis Etazini. Rezidan ak pwopriyetè biznis nan Konte Orange ki pa t kapab respekte Dat limit **4 janvyè** pou yo te fè



FEMA

Page 1 of 2

aplikasyon SBA a ka toujou aplike men yo dwe bay yon deklarasyon sou aplikasyon yo an ki eksplike ke yo depoze an reta paske yo te ajoute konte a an reta nan deklarasyon gwo katastwòf la. Ou ka jwenn aplikasyon pou prè pou katastwòf atravè sitwèb SBA a, ki gen bon sekirite: disasterloanassistance.sba.gov/ela/s/. Pou plis enfòmasyon, aplikan yo kapab rele Sant Sèvis Kliyan SBA a nan **800-659-2955**. Moun ki soud oswa ki genyen difikilte pou tande yo ka rele nan **800-877-8339**. Pou plis enfòmasyon, voye yon imèl nan DisasterCustomerService@SBA.gov.

Pou w jwenn dènye enfòmasyon yo, ale sou fema.gov/disaster/4615. Swiv nou sou Twitter nan twitter.com/femaregion2 epi facebook.com/FEMA.



FEMA

Page 2 of 2